



**PWOSÈ VÈBAL
REYINYON ADISTANS KOMITE LEKÒL BOSTON**

Mèkredi 12 Janvyè 2022

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon adistans 12 Janvyè 2022 nan 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Doktè Stephen Alkins; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran ak Reprezantan Elèv yo Xyra Mercer.

Manb Komite Lekòl ki Absan yo: Pa t genyen.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda:

Apwobasyon Pwosè Vèbal Reyinyon yo: December 15, 2021; ak January 3, 2022 Organizational Meeting

Rapò Sirentandan avèk yon konsantrasyon sou Mizajou nan Kesyon Sante ak Sekirite sou COVID: BPS COVID 19 Surge Mitigation Protocol Update, January 12, 2022

Grants for Approval Totaling \$400,174,120

Homelessness Education Resource Network (HERN) PowerPoint

HERN Memo

HERN Equity Impact Statement

Safety Services Update PowerPoint

Safety Services Update Memo

Mèkredi 12 Janvyè 2022

Safety Services Update Equity Impact Statement

RELE NAN LÒD

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Tout manm yo te prezan, avèk eksepsyon Madam Mercer, ki te vin jwenn reyinyon an yon ti kout tan aprè apèl telefonik lan.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Nou pral poste sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou Youtube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtanè an disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonèz, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon moun jwenn entèpretasyon pandan reyinyon an ap fèt la nan chanje chanèl zoom lan. Dokiman reyinyon tradui yo te pibliye nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

Madam Robinson te akeyi Doktè Stephen Alkins, ki te prete sèman pi bonè nan jounen an antan ke manm Komite Lekòl Boston nan. Doktè Alkins responsab Divèsite, Ekite, ak Enklizyon pou TERC, yon òganizasyon a-bi non-likratif ki baze nan Cambridge ki konsantre sou ansèyman rechèch STEM, evalyasyon rechèch ak devlopman pwofesyonèl. Li se yon manm pwogram Bous Rechèch sou Politik Edikatif Rennie Center. Doktè Alkins se yon diplome nan Morehouse College epi gen alafwa yon metriz ak yon doktora nan Brandeis University. Li egalman se yon powèt mo ak SLAM epi ki rezide nan Mattapan.

Doktè Alkins te remèsye Majistra Wu pou randevou li a. Li te angaje pou travay an kolaborasyon pou vize ekite nan kesyon edikasyon. Manm Komite yo te akeyi ak felisite Doktè Alkins.

APWOBASYON PWOSÈ VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Pandan apèl la, Komite a ansanm te apwouve pwosè vèbal reyinyon 15 Desanm 2021 ak reyinyon òganizasyonèl anyèl 3 Janvyè 2022 a.

RAPÒ SIRENTANDAN AN

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi, Madam Prezidan, epi mèsi dèske nou rejwenn nou aswè a. Bòn ane, epi gad'on ane nou sot pase! Ki moun ki t'ap panse ke 2 ane pita, nou t'ap toujou ap viv nan ensètitud yon pandemi ki an evolasyon konstan. 2 dènye semèn yo se te pami sa ki te pi difisil pase sa anpil nan nou te konnen. Anpil pami kolèg pwòch ak lwen mwen yo, ak tout pwofesyonèl edikasyon yo ak andeyò edikasyon yo resanti pwa COVID la. Nou tout nan menm bato a epi nou ap sòti ladan l' ansanm.

Mèkredi 12 Janvyè 2022

Aswè a, mwen gen anpil mizajou ak kèk fè sayan pou pataje sou travay nou pou kenbe lekòl yo ouvri, pou siveye tandans nan kesyon sante piblik yo, ak pou kontinye planifye pou kounye a ak pou avni. Avan pou m abòde sa, mwen vle pran kèk moman pou komemore de manm kominote BPS yo ki te pèdi twò bonè.

Mwen te atriste pou m te aprann lanmò Janet Palmer Owens ki apèn fèt, ki soti Boston, diplome nan Lekòl Piblik Boston yo, ak dirijan long dat nan distri nou an. Byen ke mwen pa t konnen li, mwen te tande nan bouch anpil moun ke Janet se te yon chanpyon pou elèv yo ak yon defansè ki cho pou enklizyon. Li te kòmanse karyè li nan BPS kòm yon konseye lekòl epi pita kòm yon chèf etablisman avan li te rejwenn ekip biwo santral la antan ke Direktris an Chèf Akademik. Li te mennen yon karyè long ak byen dokimante nan BPS ki te souvan atire atansyon nasyonal la. Nan moman retrèt li, Janet te pase anpil tan pou ankadre ak soutni nouvo chèf etablisman yo ak moun ki te gen pou vin chèf etablisman yo nan wol chèf de fil distenge li ak responsab ansèyman nan Harvard Graduate School of Education. Plizyè nan edikatè sistèm nou an te enfliyanse pa lidèchip Janet epi li pral manke nou anpil.

Nouvèl an sa kòmanse avèk plis chagren. Li pa janm fasil pou mwen pou m komemore nenpòt moun pandan repòtaj mwen an: men se patikilyèman difisil lè se yon jèn moun. Sa fè mwen mal pou m rekonèt lanmò Jucelena Gomes Ramos, yon elèv nan Madison Park High School, yo te tire ak zam 4 Janvyè a. Yo te di mwen Jucelena rete nan memwa kòm jwaye, ki make pa pèsonalite reyonan li ak angajman li anvè antreprenarya. Li te lanse pwòp antrepriz li trese cheve epi te reve kreye pwòp salon bote li avèk divès manm fanmi li. Mwen pa ka imajine kijan fanmi li ak zanmi li yo devaste yon jan enkwayab. Mwen voye sensè kondòleyans ak out moun ki te konnen Jucelena, epi mwen swete yon jou ou jwenn rekonfò avèk limyè li te pote nan lavi ou. Mwen konnen li pral manke nou anpil. BPS te gen sèvis soutyen psikolojik sou plas nan Madison Park ak nan divès lòt lekòl Jucelena te frekante nan jou ki te swiv anons desè li a. Kounye a mwen pral kòmanse rapò mwen an ak kèk fè enpòtan nan distri a epi answit pataje kèk mizajou.

Nan Lendi 3 Janvyè, Majistra Wu te prete Sèman ak nouvo manm yo ak re-eli Konsèy Minisipal Boston yo. Felisitasyon ak Konseye Jeneral yo Flaherty, Mejia, Louijeune ak Murphy, e ak Konseye distri yo Edwards, Flynn, Baker, Arroyo, Bok, Breadon, Worrell, Lara, ak Fernandes Anderson. Mwen ta renmen felisite Senatris Eli a, Lydia Edwards, pou vikwa li yèswa. Nou vrèman fyè pou tout dirijan nou yo. Mwen pa ka tann pou travay avèk chak moun nan nouvo Konseye Minisipal pou fè Boston avanse pou tout elèv ak fanmi nou yo. Epi mwen vle remèsye Majistra Wu pou sipò kontini ak patenarya li an patikilye pandan moman difisil sa yo.

Mwen pral rapidman fè eko ak santiman prezidan Chairwoman Robinson epi swete byenvini ak Komite Lekòl la, ak nouvo manm li a, Doktè Stephen Alkins. Doktè Alkins se yon pwofesyonèl akonpli ak yon manm kominote a apresye, men sitou, Doktè Alkins se yon avoka edikasyon ak ekite. Mwen vle swete li byenvini yon lòt fwa ak premye reyinyon li an aswè a. Mwen kontan pou m asosye ak Doktè Alkins ak pou travay avèk li ak tout manm Komite Lekòl yo.

Mwen pral pataje divès mizajou enpòtan nan non distri a. Mwen konnen Janvyè se yon peryòd pasyonan pou anpil senyò nou yo ansanm ak fanmi pa yo, paske yo soumèt kandidati pou fakilte ak inivèsite prefere pa yo. Kòmansman Janvyè ak Fevriye se moman tipik pou diplome senyò yo pou soumèt demann desizyon regilye yo epi yo pral tande yo nan Mas/Avril. Mwen swete ak

Mèkredi 12 Janvyè 2022

chak nan nou chans ki pi bon an nan rechèch nou pou yon fakilte oubyen inivèsite ki se koresponn pafètman ak nou, ak konpetans nou e ak anpil pasyon nou. Lekòl Piblik Boston yo konpoze ak anpil elèv ki gen talan ak briyan epi mwen konnen nou pral kontinye vize ekselans nan tout sa nou chak pral fè. Tout edikatè yo ak pèsònèl Lekòl Piblik Boston yo kontinye asire ke chak elèv BPS akademikman prepare pou reyisi aprè gradyasyon. Nou vle tou pou sipòte nou pandan n'ap planifye pou finanse edikasyon nou. Tanpri, asire nou ranpli FAFSA oubyen Demann Gratis la pou Èd Federal Pou Elèv yo. Dat Limit la se 15 Janvyè. Tanpri vizite bostonpublicschools.com/college pou resous yo ak zouti yo pou planifikasyon etid fakilte ak pwofesyonèl ki gen ladan yo enfòmasyon sou èd finansyèl.

Pou ane lekòl ki kòmanse nan Septanm 2022 a, peryòd enskripsyon priyoritè pou elèv k'ap antre nan K0, K1, 6, 7, ak 9 te kòmanse ofisyèlman nan 5 Janvyè epi pral rive pouswiv jiska 28 Janvyè. Enskripsyon priyoritè pou K2 ak tout lòt ane ki pral kòmanse 7 Fevriye. Nan yon efò pou kenbe tout fanmi nou yo ak pèsònèl la an sekirite ak pou limite ekspozisyon ak COVID-19, enskripsyon nan lekòl la pral rive fèt sou randevou oubyen randevou vityèl. Genyen twa etap senp pou swiv pou kreye yon randevou avèk youn nan sant dakèy nou yo. Sèvis Dakèy BPS yo ap òganize tou de seyans enfòmasyon sou enskripsyon nan dat 22 Janvyè ak ankò 3 Fevriye. Tout enfòmasyon yo sou fason pou enskri ak detay koneksyon pou rejwenn youn nan pwochèn seyans enfòmasyon nou yo, menm jan ak anrejistreman divès seyans pase ki kapab jwenn sou sitwèb nou an avèk divès lyen ak tradiksyon pou fanmi yo swiv. Tanpri vizite: bostonpublicschools.org/registration pou divès detay adisyonèl.

Mwen vle souliye pwochèn Jounen Rev. Doktè Martin Luther King nan, ki pral rive obsève Lendi sa. Doktè King te dedye lavi li pou pouswiv egalite, pandan li t'ap rele nou tout pou vin dirijan sèvitè, pou kreye yon pi bon mond pou fanmi li, mond pa li, ak jenerasyon alavni yo. Nou toujou ap benefisye de sakrifis li a jounen jodi a. Byenke yo konnen Doktè King pou tan pase li nan Atlanta - kote li te frekante Morehouse College tankou Doktè Alkins, epi tou nan Montgomery ak Selma - li te pase tou divès ane fòmasyon nan Boston. Se te isit la li te fè etid siperyè li yo epi te rankontre fanm li, Corretta. Li enpòtan pou remake Boston se yon vil ki favorize eksplwa moun ki vin tounen yon katalizè pou chanjman, goumen pou yon pi bon demen pou tout moun. Mwen espere sa gen sans pou yon moun. Mwen te vle asire pou prezante Doktè King avèk yon foto koulè. Pafwa foto nwa e blan yo pèmèt ak espri nou kategorize kèk moun oubyen kèk evènman jan sa te pase depi trè lontan, men konba nou pou lajistis ak ekite toujou prezan. Li enpòtan tou jan sa te ye depi prèske 60 ane pase, lè Doktè King te pwononse lejandè li "Diskou mwen gen yon rèv", epi ap rete enpòtan pou santrè ekite pandan n'ap goumen kont pandemi sa.

Pou rapèl, distri a pral fèmen Lendi epi p'ap gen lekòl. Pran swen tèt ou se yon pati enpòtan lavi, epi mwen egzòte nou tout pou pran tan pou repoze nou ak reflechi wikenn sa. Men mwen egzòte nou tou pou n konsidere Lendi an k'm yon "jou travay" olye de yon "jou konje". Jwenn yon fason senp pou rann sèvis ak yon lòt moun. Sòti poubèl yo oubyen fè acha pou vwazen ti granmoun ou yo ki ta twò frajil pou kite kay yo akòz de COVID la. Rele fanmi ou yo ak zanmi ou yo epi pran enfòmasyon sou yo. Voye bay pwofesè k'ap travay di oubyen ak travayè premye liy nan vi nou yon nòt remèsiman ak apresyasyon. Fè yon don ak yon òganizasyon ki gen bòt sou tèren nan Boston. Kòm toujou, si ou deside entèraji avèk moun yo, mete kachnen epi pratike mezi distansyasyon sosyal yo. Nou kapab alafwa an sekirite ak rann sèvis.

Mèkredi 12 Janvyè 2022

Mwen vle founi yon brèf mizajou sou Mission Hill. Ankèt sou plent grav nou te resevwa a ankou. Mwen te mande kabinè a nou te angaje yo pou yo konsidere tout ti detay, pou mennen yon ankèt konplè ak pou pale ak pi gran kantite elèv posib, ak manm fanmi yo e ak manm pèsonèl la. Sa pran tan. Nou pral kominike rezilta investigasyon yo nan espas yon semèn li fin reyalize. Egzamen Lekòl Ijans ak Ankèt la pral founi ansanm ak distri a enfòmasyon konplè pou enfòmasyon sou rekòmandasyon konsènan pwochèn etap yo. Mwen konprann fanmi yo, pèsonèl la, konsèy gouvènans, ak kominote a avid pou enfòmasyon epi mwen rete detèmine pou founi divès mizajou imedyatman mwen vin genyen yo. Mwen te mande yon mizajou preliminè yon jan pou nou kapab pran desizyon nan tan apwopriye ak kominike yon jan transparan avèk kominote Mission Hill nou an. Mwen konnen yo enkyè pou enfòmasyon sa.

Mwen vle founi tou yon brèf mizajou sou Charlestown Prospectus. Nou pa t kapab òganize reyinyon nou an nan dat 7 Janvyè. Chèf Ekite ak Estrateji BPS, Doktè Charles Grandson, te an kontak avèk otè pwospektis yo pou konplete zouti planifikasyon ekite rasyal la. Yo te pataje sa yo genyen jiska prezan. Nou te diskite tou sou posibilite otè pwospektis yo fè yon prezantasyon nan moman yon tab wonn alavni sou ekite kominotè. Apre plis diskisyon avèk Doktè Grandson, yo te estime yo pa t gen done nesèsè yo pou prezante, epi ekip nou an pa t kapab pwodui rechèch ak analiz konplèks yo te mande nan tan nesèsè. Nou kontinye rete an kontak avèk otè yo pandan n'ap prepare pou reyinyon semèn pwochèn kote nou pral vote sou pwospektis la.

Nou pral tande ekip la nan fen rapò mwen an sou tout bagay n'ap fè pou reponn ak dènyè vag sa, mwen te vle ba ou plis detay sou kèk enfòmasyon kritik.

Nou te fè kòmman divès milye kachnen KN95 ak tès rapid COVID-19 adisyonèl. Nou ap travay avèk BPHC e ak biwo apwovizyonman vil la pou mete li nan men elèv nou yo ak pèsonèl nou yo dèke posib. Nou te antre an kontak avèk DESE konsènan 26 milyon tès rapid yo te achte epi nou ap travay avèk yo pou detèmine pwochèn etap yo nan ki moman nou pral kapab resevwa yo epi distribye yo. Nou ap planifye pou bay chak elèv ak manm pèsonèl la divès tès rapid avan vakans Fevriye a. Nan kad gid avèk BPHC a, nou te pran desizyon difisil pandan vakans livè a ak nan dènye vag sa pou sispann tanporèman atletism, pèfòmans mizikal, chan ak sòti sou tèren. Antan ke yon atlèt, mwen menm ak manman atlèt yo, mwen konnen kijan eksperyans sa yo enpòtan pou elèv nou yo. Mwen t'ap travay sere avèk Komisyon Sante Piblik Boston pou konprann konsèy CDC yo ak efò rediksyon pou andige transmisyon an nan moman ogmantasyon to pozitivite kominotè yo.

Pandan plizyè jou pase, mwen te tande ak li tout mesaj nou yo epi mwen konprann kijan aktivite sa yo enpòtan pou sante ak byenèt elèv nou yo. Mwen te pale avèk Doktè Ojikutu ak Sanchez jodi a epi, apre midi a, yo te di mwen byenke yo rete preyokipe akoz pwopagasyon COVID pami atlèt nou yo, yo konprann tou ekilib nou bezwen konstui pou bay elèv nou yo yon byenèt jeneral. Yo te apwouve tou pou nou reprann antrènman yo ak kondisyonman an ti gwoup Madi 17 Janvyè epi si chif yo kòmanse bese, nou pral kapab reprann konpetisyon an 24. Sepandan, tout elèv yo dwe konsanti pou fè tès de fwa pa semèn nan objektif pou fè sa. Sa se yon nouvo politik epi nou nan pwosesis pou sekirize tès sa yo yon jan pou elèv nou yo kapab reprann aktivite pa yo. Mwen swete mete tout elèv nou yo, kotch nou yo, ak fanmi nou yo alèz epi nou tout ap kontinye plase sante ak sekirite elèv nou yo nan premye plan.

Mèkredi 12 Janvyè 2022

Kòm efò rediksyon adisyonèl, Majistra Wu te anonse manda konfòmite pèsònèl Vil Boston nan avèk yon nouvo pwogram verifikasyon, ki egzije travayè vil yo montre prèv premye vaksen avan 15 Janvyè. Nou ap travay avèk tout Chèf Depatman nou yo, Chèf Etablisman yo ak patnè sendikal yo pou asire anplwaye nou yo konfòme yo avèk nouvo politik vaksen an. Nou ap òganize divès douzèn klinik vaksinasyon nan lekòl nou yo nan lekòl nou yo semèn sa ak semèn pwochèn. Nou ap deplwaye egalman divès klinik vaksinasyon nan ga woutyè nou yo, nan biwo santral nou yo ak lòt biwo administratif yo pou asire tout moun kapab pran vaksen pa yo.

Majistra Wu te anonse tou yon orè travay adistans pou kèk travayè Vil Boston, ki te kòmanse nan 4 Janvyè epi pral tante kontinye jiska 18 Janvyè kòm yon etap adisyonèl pou diminye risk ak kenbe mendèv nou an ak sante ak sekirite sante kominotè nou yo. Nan kad efò sa, Vil la tanporèman diminye kantite anplwaye nan batiman Vil yo, ki gen ladan yo biwo santral BPS. Byenke laplipa anplwaye biwo santral nou an kapab travay adistans, anpil ladan yo te deplwaye reyèlman ak kèk pami lekòl nou yo ki t'ap sibi mank pèsònèl. Mwen ap remèsye avèk anpil chalè pèsònèl nou an ki t'ap ede nan lekòl yo pou kontinye bay yon kout men pou asire yo nou kapab kontinye fè an sòt pou elèv nou yo aprann an pèsòn.

Anfen, men sètènman pa mwens, mwen vle remèsye tout edikatè enkwayab nou yo, paraskolè yo, gadyen yo, siveyan dejene yo ak travayè kafeterya yo, siveyan bis yo ak chofè bis yo ak tout anplwaye sipò yo nan lekòl nou yo. Mwen panse anpil nan nou te espere ane sa t'ap diferan, men li pwouve se sa ki pi difisil la jounen jodi a. Mwen konnen nou ap sot ladan l jan nou te fè sa avan. Yon jou alafwa, pafwa inèdtan alafwa, men sa pral mache. Ekip BPS la te vrèman mobilize semèn dènyè. Mwen vrèman fyè de ekip sa. Se te yon sitiyasyon kote tout moun te mete men, mwen vle remèsye Prezidan Robinson paske li te menm sote nan Hale la semèn pase lè nou te bezwen èd adisyonèl pou kèk pami pi jèn aprenan nou yo.

Mwen pral bay lapawòl ak Doktè Sarimer Sanchez pou revize dènye vag COVID-19 ak Sirentandan Adjwen Akademik Drew Echelson ki pral pataje pwosesis nou an sou fason nou ap evalye alafwa defi pou dotasyon pèsònèl nou yo ak ka COVID yo nan lekòl nou yo sou yon baz chak jou.

BPS COVID 19 Surge Mitigation Protocol Update

Antanke Sipè-entandan, sa a se Rapò m pou aswè a.

Madam Polanco Garcia te eksprime preyoqipasyon li sou enpak COVID sou absanteyism kwonik ak sekirite nan lekòl yo. Li te di fanmi san papyè yo kapab vin pè repèkasyon yo nan distri a oubyen divès otorite jidisyè si elèv pa yo gen plizyè absans. Li te ankouraje distri a ofri fleksibilite ak fanmi an. Mesye Marques te deklare dirijan distri yo ap egzamine pwoblèm prezans ak teni kont de tout faktè ki gen yon ensidans sou frekantasyon eskolè chak jou elèv la.^[P]_[SEP] Li te ajoute ke leta otorize pou elèv yo make yon jan konstrikatif prezan si yo an karantèn epi yo ap patisipe nan titora adistans, oubyen itilize platfòm Paper a. Li te deklare politik sou prezans revize distri a konsantre li sou etablisman relasyon yo, sansibilizasyon ak kominikasyon pou soutni elèv yo ak fanmi yo.

Madam Lopera te remèsye tout pwofesè ak pèsònèl BPS yo pou travay di yo pandan vag COVID aktyèl la. Li te mande si distri a ap teste kontak pwòch yo kèlkeswa estati vaksinasyon pa yo.^[P]_[SEP]

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

Mèkredi 12 Janvye 2022

Doktè Sanchez te deklare li te soumèt yon demann fòmèl ak Depatman Ansèyman Primè ak Segondè MA (DESE) ap pwopoze tès siveyans de fwa pa semèn^[P]_[SEP] pou elèv ak pèsònèl ki vaksine e ki pa vaksine yo epi li ap ret tann yon repons fòmèl.

Madam Mercer te mande kòman elèv ki an karantèn yo kapab aksede manje. Sirentandan Adjwen Operasyon yo, Sam DePina te deklare fanmi yo kapab rekipere manje yo nan lekòl pa yo.

Mesye O'Neill te remèsye tout pwofesè ak pèsònèl BPS yo pou travay di yo pandan vag COVID aktyèl la. Li te aplodi atansyon ki pote sou detay ak efò kolaborasyon pou kenbe lekòl yo ouvri ak aprantisaj an pèsòn. Li te mande si dirijan distri yo te alèz avèk resous tès Eta ak gouvènman federal la ap founi yo. Sirentandan te pale sou efò distri yo pou jwenn plis tès ak difikilte avèk difikilte yo. Mesye DePina ap travay avèk Komisyon Sante Piblik Boston pou sekirize plis tès.

Mesye O'Neill te poze kesyon sou vantilasyon sal klas yo. Sirentandan te esplike pwotokòl sante ak sekirite distri yo, ki gen ladan yo ouvri divès fenèt ak itilizasyon pirifikatè lè yo. BPS te òganize tou plizyè klinik vaksinasyon.

Madam Lopera te mande si Sirentandan ap konsidere yon manda vaksinasyon pou elèv yo. Sirentandan te deklare ke FDA te sèlman otorize vaksen Pfizer pou timoun ki nan laj 16 an ak pi gran.^[P]_[SEP] Li te deklare li pa t prevwa enpoze vaksen an jiskaske li konplètman otorize.

Madam Lopera te mande klarifikasyon sou sèvis titora pou elèv ki an karantèn yo. Doktè Echelson te deklare distri a te rekrute yon kad titè ki dispanse yon ansèyman adistans ak divès ti gwoup elèv ki an karantèn. Madam Lopera te mande kòman ansèyman nan klas la te rive jere nan limyè kantite absans elèv ak pwofesè sa yo. Mesye Echelson te rekonèt te genyen yon varyasyon nan kalite ansèyman lè n konsidere yon gran kantite elèv ak pèsònèl absan pandan de dènye semèn yo. Li te remèsye direktis prensipal done yo ak responsabilite, Monica Hogan ak Direktè Enfòmasyon, Mark Racine pou sipò yo. Sirentandan te remèsye Konsèy Konsiltatif Elèv Boston nan (BSAC) dèske yo te pataje eksperyans pa yo nan yon reyinyon ki òganize pi bonè jodi a. Li te deklare isit la, te gen divès varyasyon nan pètibasyon lekòl yo t'ap sibi.

Doktè Alkins te mande si te gen yon ogmantasyon nan demann pou sipò sante mantal. Sirentandan te souliye kantite soutyen disponib pou elèv yo, ki gen ladan yo travayè sosyal yo nan lekòl yo ak rekritman liyezon famiyal adisyonèl yo.

Mesye Robinson te mande kòman BPS ap ede prepare pou posibilite pou yon retou nan aprantisaj adistans. Sirentandan te deklare ke CIO Mark Racine ak ekip li a te fè yon travay fòmidad nan founi yon soutyen teknik. Mesye Racine te deklare ke BPS te atenn pwen kote elèv yo ak pwofesè yo konsidere Chromebook yo kòm zouti pou soutni ansèyman. Li te deklare distri a ap founi ak lekòl yo divès Chromebook, chajè, ak hotspot nan ka kote distri a ta dwe pase ak aprantisaj adistans.

Madam Mercer te founi yon brèf mizajou sou BSAC. Gwoup la te òganize premye reyinyon yo an pèsòn nan Ane Lekòl 21-22, 16 Desanm, apre sa yon reyinyon vityèl te swiv li 6 Janvye. BSAC konte aktyèlman divès reprezantan ki soti nan 26 lekòl nan konsèy la epi ap kontinye rekrute elèv ki soti nan divès lekòl ki pa reprezante. BSAC ap òganize yon grèv ak yon

Mèkredi 12 Janvyè 2022

manifestasyon elèv Vandredi 14 Janvyè pou egzòte DESE ak Gouvènè Baker otorize aprantisaj adistans lan epi pou konte aprantisaj adistans lan nan 180 jou rekòmande yo^[P]_[SEP]. Grèy la pral rive swiv pa yon webinè.

Apwouve – Pa apèl, Komite a ansanm te apwouve Rapò Sipè-entandan an.

KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

- Tiffany Luo, Allston rezidan ak elèv nan Boston Latin School, te temwanyè an favè yon opsyon aprantisaj adistans.
- Stacy Tran, rezidan nan Dorchester ak elèv nan Dearborn STEM Academy, te temwanyè an favè yon opsyon aprantisaj adistans.
- Nisrine Feham, rezidan nan Roxbury, elèv nan John D. O'Bryant ak manm Konsèy Konsiltatif Elèv Boston (BSAC), te temwanyè an favè yon opsyon aprantisaj adistans.
- Annissa Essaibi-George, rezidan nan Dorchester ak paran nan BPS, te temwanyè an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- Ryan Maziarka, rezidan nan North End ak elèv nan Latin School, te temwanyè an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- Michael Maziarka, rezidan nan North End ak paran Boston Latin School, te temwanyè an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- William Hu, rezidan nan West Roxbury ak elèv nan Boston Latin School, te temwanyè an favè yon opsyon aprantisaj adistans.
- Patrick Harnan, rezidan South Boston ak elèv nan Boston Latin School, te temwanyè an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- Tom Harnan, rezidan nan Boston ak elèv nan Latin School Boston, te temwanyè an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- James Tobin, rezidan Roxbury ak elèv nan Boston Latin Academy, te temwanyè an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- Grace Sullivan, rezidan nan West Roxbury ak elèv nan Boston Latin School, te temwanyè an favè yon opsyon aprantisaj adistans.
- Aneisha Adorno, rezidan nan Dorchester, elèv nan Boston Green Academy, te temwanyè an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- Lunn Bova, rezidan nan North End ak paran Boston Latin School, te temwanyè an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- Richard Petruccelli, rezidan nan Back Bay ak elèv nan Boston Latin School, te temwanyè an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- Laniyah Turner, rezidan nan Dorchester ak elèv nan PA Shaw Elementary School, te temwanyè konsènan lavni Shaw School.
- Andrew Robinson, rezidan nan Dorchester ak elèv nan PA Shaw Elementary School, te temwanyè konsènan avni Shaw School.
- Jules Owens, rezidan nan Dorchester ak elèv nan PA Shaw Elementary School, te temwanyè konsènan lavni Shaw School.
- Brenda Ramsey, rezidan nan Dorchester ak elèv nan PA Shaw Elementary School, te temwanyè konsènan avni Shaw School.
- Morgan Keohane, rezidan nan Brockton ak bibliyotekè pwofesè nan PA Shaw Elementary School, te temwanyè konsènan avni Shaw School.

Mèkredi 12 Janvyè 2022

- Zerimar Ramos, rezidan nan Dorchester ak paran nan PA Shaw Elementary School, te temwanye konsènan lavni Shaw School.
- Ymaris Matias, rezidan nan South End ak paran nan Orchard Gardens K-8 School, te temwanye konsènan sekirite ki lye ak COVID.
- Sugey Scannell, rezidan nan Roslindale ak paran nan Hurley K-8 School, te temwanye an favè yon opsyon aprantisaj adistans.
- Maria Mejia, rezidan nan Roxbury ak elèv nan Blackstone Elementary School, te temwanye an favè yon opsyon aprantisaj adistans.
- Estephany Almanza, rezidan Dorchester akrezidan nan Blackstone Elementary School, te temwanye konsènan enpak COVID sou absanteyism.
- Nancy Lessin, rezidan nan Jamaica Plain ak manm Fanmi pou Sekirite ki lye ak COVID, te temwanye sou sekirite ki lye ak COVID.
- Samantha Laney, rezidan Dorchester ak pwofesè nan Holmes Innovation School, te temwanye konsènan pwoblèm sekirite ak pèsònèl ki lye ak COVID.
- Michael Heichman, rezidan nan Dorchester ak manm Alyans Edikasyon ak Jistis Boston (BEJA), te temwanye konsènan sekirite COVID.
- Matthew Ruggiero, rezidan Jamaica Plain ak pwofesè Charlestown High School, te temwanye kont Charlestown Innovation ak pwospektis Inclusive High School.
- Go Sasaki, rezidan nan Somerville ak pwofesè nan John D. O'Bryant School, te temwanye konsènan sekirite lye ak COVID.
- Mary Dibinga, rezidan nan Roslindale ak pwofesè nan Boston Latin Academy, te temwanye konsènan sekirite lye ak COVID.
- Soraya Harley, rezidan nan Roxbury ak paran nan BPS, te temwanye konsènan sekirite ki lye ak COVID.
- Tara Donohue Bonaceto, rezidan nan West Roxbury ak paran nan Lyndon K-8 School, te temwanye an favè pou kenbe lekòl yo ouvri pou aprantisaj an pèsòn.
- Dacia Morales, rezidan nan South End ak paran nan BPS, te temwanye an favè yon opsyon aprantisaj adistans.
- Elise Pechter, rezidan nan Jamaica Plain ak manm Kowalisyon Massachusetts pou Sekirite ak Sante nan Travay (Massachusetts Coalition for Occupational Safety and Health, MassCOSH), te temwanye konsènan sekirite lye ak COVID.
- Jeb Banks, rezidan nan South Boston ak paran nan BPS, te temwanye an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- Catherine Brady, rezidan nan Charlestown ak paran nan Charlestown High School, te temwanye kont Charlestown Innovation ak pwospektis Inclusive High School.
- Suzanne McGlone, rezidan nan Back Bay ak pwofesè nan BPS, te temwanye konsènan kondisyon klas yo.
- Andy Groh, rezidan nan Charlestown ak paran nan Boston Latin School, te temwanye an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- Katie Kersey, rezidan nan West Roxbury ak paran nan Kilmer K-8 School, te temwanye an favè yon opsyon aprantisaj adistans.
- Ana Shapiro, rezidan nan Jamaica Plain ak pwofesè Charlestown High School, te pataje pwoblèm elèv yo sou Charlestown Innovation ak pwospektis Inclusive High School.
- Sarah Horsley, rezidan nan Jamaica Plain ak manm Fanmi BPS pou Sekirite ki lye ak COVID, te temwanye sou pwoblèm sekirite ki lye ak COVID.
- Suleika Soto, rezidan nan South End ak manm nan BEJA, te temwanye konsènan pwoblèm sekirite lye ak COVID e ak bidjè a.

Mèkredi 12 Janvyè 2022

- Nancy Minucci, rezidan nan South Boston ak paran nan BPS, te temwanye konsènan elèv yo.
- Jennifer Gordon, rezidan nan Brighton ak paran nan O'Bryant School, te temwanye an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- Sarah Parker, rezidan nan West Roxbury ak paran nan Lyndon K-8 School, te temwanye an favè pou kenbe lekòl yo ouvri pou aprantisaj an pèsòn.
- Hugh Coleman, rezidan nan Mattapan, kotch baskèt nan Charlestown High School, te temwanye an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.
- Patrick Keating, rezidan nan Dorchester ak paran nan BPS, te temwanye an favè fen poz distri a sou atletism akòz de COVID.

ELEMAN AKSYON

Madam Lopera te mande yon mizajou sou finansman Sekou Ijans pou Lekòl Primè ak Segondè (ESSER). Direktè Sibvansyon Fon Ekstèn yo, Yvonne Macrae te deklare sibvansyon ki te prezante pou apwobasyon Komite lanwit sa se fon ESSER II ak ESSER II. Sirentandan te deklare 86% lekòl yo (97 lekòl) te apwouve nan dezyèm ak twazyèm tou, yon lekòl pa t ko rive soumèt, de lekòl dwe revize pwopozisyon pa yo epi 13 lekòl aktyèlman anba revizyon.^{[P]_{SEP}} Finansman pou FY 23 ap jere atravè yon pwosesis planifikasyon bigjè kolaboratif.

Apwouve - Sou yon apèl nominal, Komite Lekòl Boston nan ansanm te apwouve sibvansyon yo pou apwobasyon ki bay yon montan total \$400 174 120.

RAPÒ

Rezo Resous Edikasyon Sanzabri - Brian Marques, direktè prensipal Opportunity Youth, te prezante yon rapò Rezo Resous Edikasyon pou Sanzabri (HERN). HERN itilize yon modèl eskolè Hub and Spoke pou soutni elèv yo ak fanmi k'ap viv nan sanzabri yo. Gras ak modèl sa, BPS te amelyore aksè, te elaji sèvis yo ak siprime obstak yo pou elèv k'ap fè fas ak ensekirite lojman. BPS te sèvis apwoksimativman 4 000 elèv sanzabri nan Ane Lekòl 2020-21 an.

Priyorite HERN yo

- Ranfòse kapasite nan nivo lekòl pou ogmante aksè ak resous yo, sèvis yo ak sipò pou elèv yo ansanm ak fanmi k'ap viv sityasyon sanzabri yo.
- Devlope sistèm ak estrateji pou yon pi gwo komunikasyon ak kolaborasyon, nan entèn, pami domèn fonksyonèl yo nan distri a ak lekòl yo, epi nan ekstèn, pami patnè kominote yo, entèvenan yo ak dirijan yo.
- Ogmante sinyifikativman sansibilizasyon pou sèvis ki lye ak sityasyon sanzabri yo ak dwa kalifikasyon pami elèv yo e ak fanmi pa yo, dirijan lekòl yo, pèsònèl soutyen yo ak sikonskripsyon prensipal yo.
- Elimine inegalite yo nan aliye sèvis yo nan nivo lekòl la ki fleksib ak reyaktif ak bezwen tout elèv yo.
- Konble lakin yo nan kesyon opòtinite nan adopte yon apwòch baze sou atou ki amelyore rezilta lekòl yo ak lavi tout elèv yo.

Mèkredi 12 Janvye 2022

- Abòde travay apati yon konpreyansyon sou fason kriz lojman ak wos kou lojman yo afekte fanmi yo odela de sila yo k'ap viv nan ekstrèm povrete.

Itilize modèl Hub and Spoke la, HERN:

- Kowòdone avèk yon rezo 175 liyezon sanzabri baze nan lekòl
- Founi yon Bwat Zouti HERN pou Lekòl yo
 - Finansman sanzabri ki alwe ak bidjè lekòl yo
- Asire estabilite edikatif ak aksè
 - Enskripsyon Imedya
 - Transpò
- Pwogram ak resous espesyalize
- Jesyon ka, konsiltasyon ak referans
- Navige nan divès ka konplèks
- Founiti pwodui premye nesosite yo
- Kowòdinasyon avèk patnè kominote yo ak ajans nan vil yo e ak nan Eta yo

Resous ak Sipò

- Sèvis ak Resous nan Echèl Vil yo
- Aksè ak Manje
- Aksè nan Teknoloji
- Rad ak Atik Ijyèn
- Resous Sipò pou Lojman:
 - Bon pou Lojman
 - Pwogram Èd Ijans
- Resous pou Fanmi Imigran yo
- Medikal ak Swen Sante
- HelpSteps
- Aksè Priorite ak Pwogram BPS

Madam Robinson te aplodi pwofondè ak kwasans sipò distri a pou fanmi k'ap viv nan sitiyaşyon sanzabri yo.

Mesye Tran te pale sou eksperyans li nan sitiyaşyon sanzabri entèmitan pandan l'ap grandi. Li te mande klarifikasyon sou minè ki pa akonpanye yo. Mesye Marques te esplike tèm nan pa lye ak estati imigran oubyen sitwayènte men refere ak yon jèn san paran oubyen responsab ^PSEP.

Doktè Alkins te mande kòman BPS ap ede elèv sanzabri ki rete nan vil yo. Mesye Marques te di BPS angaje pou ede fanmi yo jwenn yon lojman estab nan Boston, epi elèv ki plase andeyò Boston yo kapab rete enskri nan BPS pou dire ane lekòl la.

Madam Lopera te mande ki estrateji adisyonèl k'ap rive mete an èv pou asire ke tout elèv yo ak fanmi k'ap viv nan sitiyaşyon sanzabri yo rive idantifye. Mesye Marques te esplike wol liyezon sitiyaşyon sanzabri baze nan lekòl nan idantifye elèv ki bezwen sipò pandan y'ap pwoteje konfidansyalite yo. Madam Lopera te pale sou grandi antan ke yon timoun san papye epi k'ap viv nan sitiyaşyon sanzabri entèmitan epi te ekspri sipò ak gratitud li pou liyezon yo. Li te ankouraje distri a pou kominike pi lajman avèk fanmi yo sou anpil resous ki disponib yo.

Mèkredi 12 Janvyè 2022

Madam Polanco Garcia te pale sou eksperyans pèsonèl li avèk sanzabri yo. Li te sijere pou BPS konsidere patenarya avèk Boston Housing Authority (Otorite Lojman Boston) pou priyirize lojman pou fanmi BPS yo.

Madam Mercer te mande eklèsisman sou kantite elèv ki prevwa pou yo desèvi. Mesye Marques te pale sou efò distri yo pou ogmante idantifikasyon ak sipò elèv yo. Madam Mercer te mande kòman HERN pral ede diminye pòsyon elèv sanzabri ki se Aprenan Anglè yo ak elèv koulè yo. Mesye Marques te pale sou sèvis estabilizasyon lojman, ajoute ke HERN pa swiv elèv san papyè yo.

Mesye O'Neill te remèsye Mesye Marques pou swen li yo ak konpasyon li. Li te felisite Sirentandan pou lidèchip li sou pwoblèm sa. Sirentandan te remèsye ekip li a pou travay pa yo. Mesye O'Neill te aplodi itilizasyon tèm navigatè, ki note ke tèm nan itilize pa Nashville Public Schools.

Mesye Robinson te mande konbyen elèv ki nan sitiyoasyon sanzabri nan distri a. Mesye Marques te estime apwoksimativman 4 000, oubyen ant 7- 8% popilasyon elèv BPS an total. Mesye Robinson te mande kòman BPS kapab sansibilize kominote nan sans laj ak tip sèvis disponib pou elèv ki nan sitiyoasyon sanzabri yo. Mesye Marque te pale sou dekouvèt yon ekilib ant yon apwòch diskre ak yon "apwòch san fo pòt," kote fanmi yo kapab aksede ak sèvis yo pa divès vwa.

Mizajou Sèvis Sekirite - Chèf pa Enterim Soutyen ak Elèv yo Neva Coakley Grice ak Sirentandan Adjwen Operasyon Sam DePina ki te prezante yon mizajou sou Biwo Sèvis Sekirite, yo konnen ansyènman sou non Polis Lekòl Boston. Wol prensipal Espesyalis Sekirite Lekòl Piblik Boston yo (BPS) ap sèvi kòm resous vizib, an inifòm, ak fanmi pou kiltive yon anviwònman aprantisaj sekirite nan lekòl. Biwo Sèvis Sekirite yo te transfòme travay 40 Espesyalis Sekirite distri a depi adopsyon Massachusetts Reform Bill S. 2963 nan Desanm 2020. Chèf Sèvis Sekirite ak pèsonèl li te mennen yon vas pwosesis angajman kominote pou solisite kòmantè yo ak ide yon laj evantay pati prenan. Re-envansyon sa santre sou valè fondamantal distri yo: founi yon anviwònman aprantisaj san danje nan chak lekòl ak sal klas nan travay men nan men avèk pèsonèl lekòl la pou favorize divès relasyon pozitif avèk jèn yo, rezoud konfli yo gras ak jistis reparatris ak pou pwoteje tout elèv yo.

Ekip Sèvis Sekirite yo asosye avèk administratè lekòl yo, ekip sekirite dezinye yo, ak tout pèsonèl baze nan lekòl pou founi yon anviwònman an sekirite ak akeyan pou kominote lekòl la. Espesyalis Sekirite yo ap sèvi lyen pwoaktif ant elèv yo ak lòt pèsonèl sipò lekòl la, aji kòm modèl epi aplike pwosedi sekirite apwopriye yo si nesèsè.

Espesyalis Sekirite yo ap sèvi antan ke liyezon pou Biwo Sèvis Sekirite pou administrasyon lekòl la ak BPD, ak/oubyen lòt ajans ranfòsman Iwa (kòm nesèsè) avèk espesyalite pou rezoud pwoblèm potansyèl epi releye enfòmasyon sou sekirite pètinan, nan oubyen ozalantou lekòl la ak pou afekte aksyon apwopriye lè sa nesèsè. Espesyalis Sekirite yo pa pote inifòm ankò sou estil polisye; olye de sa, yo mete yon inifòm redesine, pi apwochab konpoze ak yon pantalon kago ak yon polo anblematik ki te resevwa divès kòmantè trè pozitif bò kote elèv yo ak pèsonèl la. Konsa tou, yo te renome veyikil yo pou konsantre sou sekirite olye de sou mentyen lòd.

Mèkredi 12 Janvyè 2022

Sèvis Sekirite yo vize elimine entansyonèlman ak avèk dilijans obstak yo nan etabli divès relasyon ak nan fasilite kominikasyon ant elèv yo, pèsonèl la ak pati prenanant kominote yo, ki gen ladan yo òganizasyon patnè yo, Sèvis Polis Boston (BPD), ak Biwo Angajman Kominotè. Gras ak sèvis, divès inisyativ, ak nouvo pwogram devlopman pwofesyonèl, Sèvis Sekirite ap travay pou redui, dekonstui ak envèse tout dekoneksyon estriktirèl ak kiltirèl nan depatman ak pou ede konble lakin yo nan kesyon opòtinite.

Konfòmeman ak Politik Pataj Konfidansyalite Done distri ki apwouve pa Komite Lekòl la an 2020, sèlman Chèf ak Chèf Adjwen Sèvis Sekirite yo kapab pataje divès rapò ensidan oubyen lòt enfòmasyon avèk BPD eksepte nan ka yon ijans sante oubyen sekirite.

Sam DePina te revize mizajou pwopoze Kòd Konduit la. Pandan 10 dènye ane yo, BPS an kolaborasyon avèk divès pati prenanant entèn ak ekstèn, ki gen ladan l Sèvis Sekirite yo, te devlope yon Kòd ki pi pwogresif ki konsantre sou edike elèv yo pou fè pi bon chwa ak itilize disiplin kòm yon dènye resò oubyen sèlman nan ka flagran yo. BPS te elimine politik tolerans zewo nan Kòd Konduit la. Pwojè Kòd 2022 sa pouswiv pratik sa nan adopte Akò sou Sèvis Jiridik Greater Boston yo (GBLS) ki elimine sispansyon pou klas K-2èm ane yo, redui konsiderableman vyolasyon sispansyon nan klas 3èm-5èm yo, epi travay pou asire sispansyon an ap itilize kòm yon dènye rekou nan mezi posib nan ogmante rekou ak pratik reparatris yo.

Kòd mizajou a mete aksan sou travay adilt yo ki dwe fèt pou soutni elèv yo; wol pèsonèl la nan tretman ak prevansyon dispwopòsyon sispansyon yo; responsabilite adilt yo pou itilize sipò pou pwomosyon ak prevansyon pou elèv yo nan yon nivo 1; ranfòse patenarya ant lekòl ak kay la; kad revize MTSS pou asire yon apwòch ekilibre ak ekitab konduit; tan fòmasyon, planifikasyon avèk pèsonèl la, ak mizan-èv modèl la; epi founi divès opòtinite pou fidbak kolektif, rezoud pwoblèm ak pataje pi bon pratik. Sirentandan ap mande apwobasyon Komite a pou Kòd Konduit ajou a nan reyinyon 26 Janvyè li a.

Mesye Tran te mande pou eklèsi kesyon sou investigasyon yo, rapò yo, ak pratik jistis restorativ yo. Madam Grice te esplike kòman ensidan yo rive dokimante epi majorite rive rezoud nan Kòd Konduit la san enplikasyon nan Depatman Polis Boston nan. Mesye Tran te ankouraje Sèvis Sekirite pou founi espesyalis sekirite yo yon fòmasyon sou divèsite ak pou elaji itilizasyon sèvis tradiksyon ak entèpretasyon yo.

Alkins te mande si Sèvis Sekirite yo gen yon bwat zouti pou bay konsèy ak lekòl yo. Li te mande si espesyalis sekirite yo resevwa yon fòmasyon sou konpetans kiltirèl yo. Madam Grice te deklare Sèvis Sekirite yo trè entansyonèl pou kreye divès platfòm sistemik pou soutni elèv nwa ak koulè grimo yo. Li te deklare espesyalis sekirite yo reflète demografik elèv yo epi resevwa fòmasyon ekstansif.

**Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan
Zoom**

Mèkredi 12 Janvye 2022

Madam Robinson te mande kòman espesyalis sekirite yo entèraji avèk elèv yo depi redizay depatman. Madam Grice te deklare si kèk ajan te kite depatman pandan redizay la, plizyè nouvo espesyalis te rive rekrute pou byen mennen nouvo misyon biwo a. Madam Robinson te mande kòman timoun yo kapab aprann sa y ap aprann de yo avan yo jwenn yo responsab. Sirentandan Biwo Aprantisaj Sosyo-Emosyonèl ak Byenèt (SELWell) ak Biwo Ekite bay sipò ak lekòl ki lye ak atant pou elèv yo. Li te sigjere pou Doktè Echelson bay Komite a yon prezantasyon sou byenèt emosyonèl sosyal nan yon avni pwòch. Sirentandan te deklare ke li pral mande BSAC pou mete ajou aplikasyon sou Dwa Elèv li yo aprè Komite a fin apwouve Kòd revize a.

KOMANTÈ PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Pa t genyen.

NOUVO BIZNIS

Pa t genyen.

FINI

Ozanviwon 11:12 pm, Komite a te vote a inanimite, pa mwayen apèl, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif